

## Modèl Deklarasyon Enpak sou Egalite pou Pwopozisyon ak Prezantasyon Komite Lekòl la

Tit: Prezantasyon Mizajou BuildBPS Oktòb 2021

Dat: 27/10/2021

Èske yo te itilize [Zouti pou Planifikasyon Ekite Rasyal](#) la?  Wi  Non (Zouti pou chak fèmte yo annkou pou kounye a ke anons piblik yo te fèt)

Si wi, antre dat rankont REPT a ansanm ak lyen pou mennen w nan REPT ki fini an isit la: REPT ankou

Èske yon manm nan Divizyon pou Lakin nan Egalite, Estrateji ak Opòtinite a te analize deklarasyon sa a?  Wi  Non

Seksyon ki Gen Rapò ak Zouti Planifikasyon Egalite Rasyal BPS yo	Rezime/Motif
<p>1. <b>Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak</b> <i>Ki rezilta ou dezire nan pwopozisyon/efò a, sitou nan zafè elimine diferans? Ki moun ki te dirije travay/planifikasyon sa a, epi èske yo reflète idantite gwoup elèv ak fanmi BPS yo (gwoup ki pi enpòtan yo se moun ki fè pati gwoup Nwa, Latino-ameriken, Azyatik, endijèn, imigran, miltileng, epi ki gen eksperyans nan Edikasyon Espesyal la)?</i></p>	<p>Prezantasyon BuildBPS Oktòb ak Komite Lekòl la genyen ladan l mizajou nan divès pwopozisyon; Deklarasyon Enpak sou Ekite sa konsantre sou twa eleman ki bezwen yon vòt Komite Lekòl la:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1) Fèmte Irving Middle School nan fen Ane Lekòl 2021-2022 a</li> <li>2) Fèmte Timilty Middle School nan fen Ane Lekòl 2021-2022 a</li> <li>3) Fèmte Jackson Mann K-8 School nan fen Ane Lekòl 2021-2022 a</li> </ol> <p><b><u>Fèmte Lekòl Elemantè yo (Timilty ak Irving)</u></b></p> <p>Rezilta dezire pwopozisyon sa se pou kontinye tranzisyon distri pou ale nan yon sistèm konpoze prensipalman ak lekòl K-6èm/7èm-12èm yo ak K-8èm/9èm-12èm ane yo. Plan sa pral ede <b>elimine disparite yo</b>, paske konfigirasyon pwogramatik estandatize yo pran an chaj divès eksperyans edikatif pi koyeran ak wot kalite. Kwayans sa anrasine nan twa devlopman ak obsèvasyon kle:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>● <b>Enskripsyon nan lekòl entèmedyè otonòm yo te diminye nan 50% ant 2011 ak 2019</b> soti nan 4100 elèv nan 2011 rive nan 2117 nan 2019. Sal klas sou-enskri yo limite kapasite pou founi yon pwogramasyon ak sipò akademik konplè. Pandan 10 dènye ane yo, enskripsyon an te diminye soti nan 509 rive nan 131 elèv nan Irving, epi te diminye nan 688 rive nan 196 elèv nan Timilty.</li> <li>● <b>Konfigirasyon nivo aktyèl yo kondui nan miltip tranzisyon pou plizyè elèv.</b> Elèv BPS yo ak fanmi yo merite pi piti tranzisyon lekòl ak divès pakou pi previzib. An 2019, BPS te gen 16 konfigirasyon klas nan lekòl diferan. Tranzisyon miltip yo te demontre divès enpak negatif sou reyisit ak rezilta elèv yo paske relasyon ak aprantisaj yo entewonp.</li> <li>● <b>Kalite anviwònman fizik gen yon enpak dirèk sou rezilta pedagogik yo. Enstalasyon aktyèl lekòl entèmedyè yo pral modènize ak afekte pou konsepsyon pedagogik 21èm syèk la.</b> Majorite batiman BPS yo, ki enkli Timilty ak Irving, bezwen reparasyon a renovasyon a gran echèl ki bezwen pou lekòl yo vid avan konstriksyon an. Yo pral re-panse toulède antan ke enstalasyon K-6èm ane avèk divès teknoloji pou soutni aprantisaj modèn nan.</li> </ul> <p>BPS te òganize apwoksimativman 20 reyinyon kominotè nan Oktòb, Novanm, ak Desanm 2018 konsènan apwòch faz 2 nòmalizasyon yon pakou K-6èm/7èm-12èm. Nan Jen 2019, Komite Lekòl la te vote fèmte tout lekòl entèmedyè otonòm yo ak pasaj</p>

	<p>nan pakou K-6èm/7èm-12èm ane.</p> <p><b><u>Fèmte Jackson Mann School</u></b></p> <p>Fèmte Jackson Mann estimile pa leta ki konpwomèt pa etablisman an. Yon revizyon enjeniri te fèt pa Depatman Etablisman Piblik Boston nan 2019 te detèmine batiman ki ta dwe pran an konsiderasyon osito posib pandan majorite sistèm (chofaj, vantilasyon elektrik, èkondisyone, elatriye) te pase fen lavi yo ki itil.</p> <p>Anplis de sa, enskripsyon nan Jackson Mann te diminye soti nan 780 elèv an 2016 rive nan 356 elèv ane sa, yon diminyon 54% nan 5 ane. Byenke bèss sa rive fèt prensipalman akòz de kantite elèv pi piti ki enskri soti andeyò Allston-Brighton, 40% elèv ki rete yo te soti nan lòt katye.</p> <p>Rezilta dezire apati de fèmte Jackson Mann lan se pou elèv ki frekante lekòl ki gen batiman pi bon kalite yo, enskripsyon pi estab, epi donk yon pwogramasyon pi koyeran. Anplis, li pral mennen nan anpil elèv k'ap frekante lekòl ki pi pwòch lakay yo.</p> <p>Ekip BuildBPS la konpoze ak Ekip Ekzekitif distri lekòl la konpoze ak Direktè Finansye a, Nate Kuder, Direktè Operasyon yo, Indy Alvarez, Direktè Etid yo, <a href="#">Drew Echelson</a>, Sirentandan Adjwen an, Sam Depina, Konseyè Prensipal, Megan Costello, Sirentandan Lekòl yo, Mary Driscoll, Ana Tavares, ak Grace Wai. Ekip Lidèchip analiz done a jere pa Jamie Racanelli. Ekip BuildBPS la gen de jesyonè pwojè, <a href="#">Carolyn Meadows Marquez</a> ak Danisha Dumornay. Ekip prensipal la konpoze ak 60% Nwa ak Po Klè. Ekip la kolabore avèk Direktè Egzekitif Edikasyon Espesyal la <a href="#">Ethan d'Ablemont Burnes</a> epi t ap travay tou avèk manm ekip Biwo Aprenan Anglè yo.</p>
<p>2. <b>Aliyman ak Plan Estratejik la</b> <i>Kijan pwopozisyon/efò a aliyan ak plan estratejik distri a?</i></p>	<p>Angajman 4, Priyorite 4 nan Plan Estratejik la se "Reyalize BuildBPS pou asire chimen ki ekkitab ak konektè ant lekòl yo." Fèmte de nan kat distri lekòl la rete lekòl segondè ak Jackson Mann School dirèkteman aliyan ak Plan Estrateji la pandan y ap minimize tranzisyon elèv yo epi kreye plis chimen ki efikas ant lekòl elemantè ak lekòl segondè yo.</p>
<p>3. <b>Analiz Done</b> <i>Ki done yo te analize? Èske yo te divize l selon ras ak lòt gwoup ki pi enpòtan yo? Kisa l te revele konsènan diferans yo?</i></p>	<p>Done yo te analize pou evalye opsyon konfigiraston posib yo ak divès enpak potansyèl pou chak fèmte lekòl, ki enkli done demografik elèv yo ak endis opòtinite BPS.</p> <p><b>Apwoksativman 327 elèv yo pral sibi enpak fèmte lekòl entèmedyè yo.</b> Lekòl Irving ak Timilty Middle School gen toulède divès pwopòsyon pi elve elèv nan kategori ki vin an aprè yo pase popilasyon global la soti nan 6èm rive nan 8èm ane: Nwa oswa Latino, ki ekonomikman defavorize, elèv Anglè, elèv k ap fè fas ak sanzabri, ak elèv ki genyen andikap yo. Lekòl entèmedyè BPS yo te jeneralman sèvi plis elèv ki soti nan gwoup elèv ki istorikman majinalize yo pase lòt lekòl k'ap sèvi elèv nan klas entèmedyè yo, tankou lekòl K-8èm ane ak 7èm-12èm ane yo.</p> <p>Pa egzanp, nan SY19-20, lè te genyen sis lekòl entèmedyè otonòm, 89% pousan elèv nan lekòl sa yo te Nwa oubyen Latino, te konpare ak 36% elèv 7èm ak 8èm ane nan lekòl egzamen yo ak 80% nan klas 6èm ak 8èm ane nan tout lòt lekòl yo.</p>

	<p><b>Apwoksativman 356 elèv yo pral sibi enpak fèmte Jackson Mann.</b> Jackson Mann gen yon pwopòsyon pi elve elèv ki antre nan kategori sa yo pase ansanm popilasyon swivan ki soti nan Kindè rive nan 8èm ane nan tout distri a: Nwa oswa Latino, ki ekonomikman defavorize, elèv Anglè, ak elèv ki genyen andikap yo.</p> <p>Done sa yo souliye ke elèv ki sibi enpak fèmte sa yo pi pwobableman kapab soti nan gwoup ki majinalize istorikman yo, menm jan ak yon reyalyte pi laj pase elèv sa yo souvan enskri nan lekòl ki konfwonte ak divès defi miltip tankou divès bès enskripsyon presipite, ak/oubyen divès enstalasyon ki pa adekwa. Pa egzanp, pami lekòl k'ap desèvi elèv primè yo, 25 pousan lekòl ki pi pòv yo nan sa ki gen rapò ak enskripsyon konplè se 85% oubyen plis Nwa oubyen Latino. Anplis, 86% elèv nan lekòl ki te rive fèmten depi SY1415 se te Nwa oubyen Latino.</p>
<p>4. <b>Angajman Aktè yo</b> <i>Ki moun yo te angaje (kantite, gwoup ki pi enpòtan yo ak wòl), kijan ak kisa sa a bay? Kisa elèv/fanmi pwopozisyon/efò sa te pi afkete yo te di?</i></p>	<p>Nan tout distri a, <b>800 fanmi yo ak manm kominote yo te asiste 14 reyinyon kominotè vityèl ki te fèt ant Me 2021 ak Oktòb 2021.</b></p> <p><b>Kòmantè ak rekòmandasyon apati de konvèzasyon sa yo te ede fasone divès estrateji ekip BuildBPS pou asire transparans, divès analiz apwofondi ekite ak divès soutyen pou kominote lekòl ki touche yo.</b> Rezilta reyinyon sa yo te genyen ladan yo divès demann pou yon kowòdonatè tranzisyon lekòl pou elèv yo, asistans plasman travay pou pèsonèl la, ak divès satelit Sèvis Dakèy.</p> <p>Ekip BuildBPS la kontinye planifye divès reyinyon avèk elèv yo, fanmi yo, pèsonèl la, ak patnè yo. Ekip la ap diskite tou sou divès plan pou avni ak divès pwochèn etap avèk lekòl ki te sibi enpak fèmte lekòl entèmedyè yo, ki genyen ladan yo lekòl K-5èm ane yo ki dirèkteman nouri/founi yon pakou pou lekòl entèmedyè Irving ak Timilty yo. Anplis, lekòl priyorite pou elaji 7èm-12èm/K-6èm akoz de vòt fèmte nan Novanm 2021 an ki te angaje konsènan pwopozisyon ak anonsman epi pral kontinye angaje pandan tout pwosesis planifikasyon pou konvèti lekòl pa yo nan konfigirasyon respektiv la.</p>
<p>5. <b>Estrateji san Patipri sou Kesyon Ras</b> <i>Kijan pwopozisyon/efò sa a fè bese diferans yo epi ogmante egalite rasyal ak lòt egalite? Ki konsekans ki pa volontè ki posib? Ki estrateji konplemantè ki pral pèmèt pwosesis egalite a vanse pi lwen?</i></p>	<p>Nou konsyan tout bon ke fèmte lekòl yo ak ajoute yon tranzisyon lekòl pou Irving, elèv Jackson Mann ak Timilty yo pral pètibatè. Byenke pètibasyon sa a pral mennen plis koyerans an mwens tranzisyon pou elèv alavni yo, li vini nan yon frè pou elèv sa yo ki enskri nan lekòl sa yo kounye a.</p> <p>Pou majorite a, elèv ki sibi enpak fèmte sa yo pral genyen yon opòtinite pou ale lekòl prè oubyen pi prè lakay yo pase yo fè li aktyèlman. Sepandan, youn nan konsekans envolontè yo nan fèmte Jackson-Mann se ke kèk elèv k ap viv nan Allston-Brighton epi ki frekante pwogram Analiz Konpòtmantal Aplike Lekòl (Applied Behavioral Analysis, ABA) pou elèv ki gen bezwen espesyal yo pral bezwen vwayaje pi lwen pou aksede ak yon pwogram ki sanble nan yon lòt lekòl alavni. Pwogram Jackson-Mann te sèvi prensipalman elèv ki soti nan lòt katye, epi pa genyen ase elèv k ap viv nan Allston-Brighton ki bezwen yon pwogram konsa pou kenbe yon nouvo pwogram nan yon lòt lekòl nan katye a.</p> <p>Nan yon tèm pi long, tranzisyon vè yon sistèm prensipalman K-6èm/7èm-12èm ak K-8èm/9èm-12èm pral ogmante ekite, asire ke elèv ki soti nan gwoup ki majinalize</p>

	<p>istorikman yo ki kounye a reprezante depase nan lekòl entèmedyè otonòm yo gen aksè ak yon pakou K-12èm avèk sèlman yon tranzisyon lekòl.</p> <p>Pou diminye enpak negatif yo, yo pral akòde plis sipò adisyonèl nan chak kominote lekòl k ap fè fas ak fèmte a. Byenke nou angaje nou bò kote fanmi yo ak divès lekòl dakèy pou adapte plis sipò ak elèv yo, nou prevwa founi:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>● Manm pèsònèl soutyen siplemantè pou elèv nan Irving, Timilty yo, ak Jackson-mann pou ede elèv yo chwazi epi devlope yon plan akademik ki elaji odela tranzisyon sa.</li> <li>● Atelye dedye ak salon anplwa pou pèsònèl ki enpakte nan kolaborasyon avèk Biwo Kapital Imen ak Rekritman, Kilti, ak Divèsite</li> <li>● Biwo satelit pop-up Sèvis Dakèy ak lè pwolonje nan sit lekòl yo pou founi enfòmasyon sou chwa lekòl yo.</li> </ul>
<p>6. <b>Bidjè ak Ekzekisyon</b> <i>Ki enpak bidjè a fè? Kòman ekzekisyon an ap asire tout objektif yo, sitou objektif ki gen rapò ak egalite yo, reyalize? Ki Idantite gwoup ekip ekzekisyon an, epi èske y ap pote yon vizyon egalite?</i></p>	<p>Alokasyon bidjè espesifik pral anonse nan Lotòn 2021 pou bezwen nan sipò pou tranzisyon pou elèv k ap fè fas ak fèmte lekòl yo.</p> <p>Divès fon envestisman espesifik rezève pou yon etid konsepsyon ki vize fasone plan pakou estandatize K-6èm nan echèl distri a. Tout etid fezabilite ak dizay yo pral pataje avèk kominote lekòl ki sibi enpak yo menm jan ak kalandriye pou lè lekòl yo kapab atann pou rekonfigire. Sesyon angajman kominotè yo pral kontinye pandan tout reyalizasyon an pou rasanble kontribisyon ak fidbak nan chak etap.</p> <p>Ekip BuildBPS la pral veye pou tout estrateji diminisyon ki dekri yo mete an-è, espesyalman an kowòdinasyon avèk twa kowòdonatè tranzisyon ki baze nan chak lekòl ki pral responsab pou jesyon ka epi devlope plan tranzisyon lekòl yo pou elèv yo.</p>
<p>7. <b>Responsablite ak Kominikasyon</b> <i>Kòman yo pral evalye enpak, dokimante epi kominike yo ak aksyonè yo? Ki moun ki pral responsab?</i></p>	<p>Sirentandan lekòl yo ak chèf etablisman yo pral travay nan tèt kole avèk ekip BuildBPS Biwo Santral la ak ekip konsepsyon pwojè yo pou asire yo ke referans yo rive atenn e ke estrateji diminisyon yo plènman mete an èv.</p> <p>Yo pral swiv elèv ki frekante Timilty, Irving, ak Jackson Mann yo pou analize enpak tranzisyon pou pase nan nouvo lekòl yo, yon jan akademik ak olistik (sa vle di, ki enkli analiz absanteyis kwonik aprè fèmte lekòl la). Kowòdonatè tranzisyon nan milye lekòl ki nouvelman finanse yo ap vin kle efò sa. Nou pral fòse nou pou founi divès rapò sou enpak fèmte lekòl yo.</p>